

Gid Rapò Endividyèl 2016 Elèv lane 2016, Klas 1^e - 12^e Ane pou Paran/Responsab yo

ACCESS pou ELLs 2.0 a se yon evalyasyon sou **Metriz Lang Anglè** pou Klas Matènèl rive nan 12yèm Ane. Egzamen an mezire nivo **devlopman lang Anglè** elèv yo idantifye kòm **Etidyan lang Anglè** (English Language Learners oswa ELL) yo.

Kisa Rapò Endividyèl Elèv la ye?

Rapò Endividyèl Elèv la montre nòt pitit ou a fè nan evalyasyon ACCESS for ELLs 2.0 a. Rapò sa se pou fanmi ak edikatè yo.

Pati anlè rapò a enkli gen non pitit ou a, dat nesans li, klas l ap fè, **grad** egzamen an, non lekòl ak distri a, eta a, ak nimewo idantifikasyon distri ak eta a.

WIDA ACCESS pou ELL 2.0 [®] Tès Konpetans nan Lang Anglè	Dat Li Fèt:	Klas:
	Nivo:	ID Distri:
	ID Distri:	ID Eta a:
	Lekòl:	
	Distri:	
Eta:		

Kisa Rapò Endividyèl Elèv la endike m?


Rapò a montre uit nòt pitit ou a ta ka fè nan egzamen an. Si pitit ou a pran toule kat seksyon egzamen an, l ap resevwa uit nòt yo. « NA », endike pa gen nòt ki repòte. Gen kat nòt nan *Domèn Lang* ak kat *Nòt konpoze*.

Yo repòte nòt nan *Domèn Lang* yo kòm, Ekout, Lekt, Pale ak Ekrit / Redaksyon. Nòt sa yo reflekte kat seksyon egzamen an.

Nòt Konpoze yo se konbinezon nòt pitit ou a nan Domèn Lang. Kat *Nòt Konpoze* yo se: Langaj Oral, Metrizalfabetizasyon, Konpreyansyon ak nòt Jeneral la.

Kijan yo repòte nòt yo?

Yo repòte nòt Nivo Metriz yo kòm chif ki soti nan 1,0 – 6,0, pa egzanp 4,0 oswa 2.2. Nòt sa yo koresponn ak sis Nivo Metriz Lang Anglè WIDA yo. Yo ka konsidere yon nòt 1.0 kòm nòt yon « debitan », alòke yon 6.0 ka konsidere kòm yon nivo « avanse » pa rapò aksou sa ki konsène metriz lang aAnglè. Graf ki nan rapò a achire kolore pou reprezante nòt Nivo Metriz pitit ou a. Tablo ki nan tèt fen rapò a bay egzanp kisa elèv ni nan nivo metriz pitit ou a ka fè nan Anglè.



Yo repòte *Barèm Nòt* yo kòm chif ki soti nan 100 – 600, pa egzanp 356 oswa 220. Nòt sa yo reflekte nivo klas pitit ou a ak nivo difikilte atik ki nan egzamen an li byen konplete. *Barèm nòt* yo itil pou wè pwogrè pitit ou a

fè nan devlopman lang Anglè ane apre ane. Graf ki sou rapò a montre *Barèm Nòt* pitit ou a pou chak nan uit nòt yo e li montre tou *Entèval Konfyans* pou chak *Barèm Nòt* li yo.

Entèval Konfyans yo se kote ki achire kolore ki antoure chak *Barèm Nòt* pitit ou a. Sa montre varyasyon ki posib pou nòt pitit ou a ki gen yon pwobablite egzaktitid 95%. Sètadi, si pitit ou a te pran menm egzamen an plizyè fwa, gen 95% chans pou nòt li yo ta nan seri ki kolore a.

Kisa m dwe gade nan rapò pitit mwen an?

Nou ankouraje fanmi yo gade tout nòt yo repòte pou pitit yo. Men kèk sijesyon sou fason pou entèprete oswa pran sans nòt pitit ou yo:

- *Gade nan nòt Domèn Lang yo.* Gade nòt Nivo Metriz li pou Ekout, Pale, Lekti ak Ekriti / redaksyon. Ki nòt ki pi pwòch 6.0? Ki nòt ki pi pwòch 1.0?
- *Gade Rezilta Jeneral yo.* Gade nòt Nivo Metriz li pou Langaj Oral, Metrizalfabetizasyon, Konpreyansyon ak mwayèn Jeneral la. Ki nòt ki pi pwòch 6.0? Ki nòt ki pi pwòch 1.0?
- *Konpare nòt ane sa ak nòt ane pase yo, si yo disponib.* Si pitit ou an te pran ACCESS for ELLs la ane pase, konpare nòt li soti nan yon ane a yon lòt. Èske gen yon diferans nan nòt Nivo Metriz li? Èske gen yon diferans nan Barèm Nòt li yo?

Kijan yo itilize nòt egzamen yo?

Nòt ACCESS pou ELLs 2.0 a ka itilize nan plizyè fason. Paran yo ka itilize nòt yo pou defann pitit yo. Pwofesè yo itilize nòt yo pou planifye enstriksyon ak evalyasyon yo. Distri yo itilize nòt yo pou evalye pwogram sipò lang yo a, pou kontwòle pwogrè elèv yo lè y ap aprann Anglè, epi pou detèmine si yon elèv kalifye pou soti nan yon pwogram sipò lang Anglè. Yo itilize rezilta yo tou pou reponn a egzijans pou rann kont a eta a.

Men ki Kesyon pou Poze

Nou ankouraje fanmi yo diskite nòt yo ak pwofesè pitit yo sou nòt yo. Men kèk kesyon pou poze:

- Ki nòt li bezwen pou l soti nan pwogram sipò lang Anglè a?
- Èske pitit mwen an ap pran egzamen sa chak ane?
- Kijan yo pataje nòt yo ak pwofesè li a?
- Ki kalite sipò nan lang Anglè ou bay pitit mwen an?
- Kisa w ta renmen konnen sou fason pitit mwen an itilize lang lakay li?
- Poukisa pitit mwen an gen yon nòt NA?
- Kisa yon nòt « NA » vle di?

Si w gen kesyon sou nòt ACCESS for ELLs 2.0 pitit ou a, tanpri kontakte kominike ak lekòl pitit ou a.

ACCESS pou ELLs 2.0 bay it nòt sa yo:

- Ekout
- Pale
- Lekti
- Ekriti / Redaksyon
- Langaj Oral:
- Alfabetizasyon
- Konpreyansyon
- Jeneral

Yo repòte nòt yo kòm Nivo Metriz ak Barèm Nòt yo.

Tèm Kle pou Konnen

Moun k ap aprann Etidyan nan lang Anglè se elèv ki kalifye pou resevwa soutyen nan lekòl pou lang Anglè.

Devlopman lang se yon pwosesis ki pran tan. Elèv yo avanse nan pwosesis sa nan ritm ki diferan.

Metriz lang se yon mezi ki di ki kote elèv yo ye nan pwosesis devlopman lang lan.

Grad la fè referans ak nivo difikilte tèl yo bay elèv la. Grad yo deziyen nivo metriz lang presi. Yo bay timoun yo yon grad ki apwopriye ak nivo metriz lang Anglè aktyèl yo.